# STUDENTLER JÍL JUWMAǴÍNDA SÍYLÍQLANDÍ

Usı jıldıń 19-dekabr kúni Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń Mádeniyat sarayında jıl dawamında karantin sharayatında óz úylerinde otırıp,  universitet tárepinen shólkemlestirilgen 5 baslama sheńberinde ótkerilgen tańlawlarda belsene qatnasıp, sıylı orınlardı alǵan studentlerdi sıylıqlaw keshesi ótkerildi.

Image not found or type unknown

Keshege Jaslar menen islesiw boyınsha prorektor S.Alawatdinov, Hayal-qızlar máseleleri boyınsha rektor másláhátshisi I.Seytnazarova, Málimleme resurs  orayı direkorı N.Sharigatovalar qatnastı hám bársheni kirip kelgen jańa jıl menen qutlıqladı. Sonday-aq, keshede universitet «Kitapqumarlar» klubı tárepinen shólkemlestirilgen ájayıp bayram baǵdarlaması qoyıp berildi.

Image not found or type unknown